



# Mezi Prekosyon Pou Pa Pran Maladi Moustik Yo Simaye

**DAT DÈNYE CHANJMAN: 02/2014**

Akòz dènye dlo inondasyon yo, ofisyèl Depatman Sante (DOH) Florida yo fè konnen li enpòtan anpil pou sitwayen ak vizitè Florida yo pwoteje tèt yo kont maladi moustik yo ap simaye. Pou pa kite moustik viv ak miltiplier nan zòn lakay ou oswa biznis ou:

## KOULE dlo-dòmi an:

- Koule dlo ki nan bwat fatra, bokit, kouvèti pisin, glasyè, jwèt, po flè oswa nenpòt lòt bwat ki kenbe dlo awozè oswa dlo lapli.
- Jete kawotchou machin ki fini, dwoum, boutèy, ti bwat, po ak kaswòl, aparèy menaje ki kraze ak lòt atik ou pa itilize.
- Vide epi netwaye basen pou zwazo ak bòl dlo bèt kay omwen yon fwa oswa de fwa chak semèn.
- Pwoteje bato yo ak veyikil yo kont lapli avèk twal bach ki pa kenbe dlo.
- Toujou kenbe pisin nan an bon eta epi mete klowòks ladan yon fason apwopriye. Vide pisin plastik yo lè ou p ap itilize yo.

## KOUVRI po ou avèk:

- RAD - Si ou oblige sòti deyò lè moustik yo aktif, kouvri kò ou. Mete soulye, chosèt, pantalon long ak chemiz manch long.
- PWODUI ANTI-MOUSTIK - Pase pwodui anti-moustik sou po ou ki pa kouvri ak sou rad ou. Toujou itilize pwodui anti-moustik dapre sa ki endike nan etikèt la. Pwodui anti-moustik ki gen 10-30% DEET, picaridin oswa Iwil ekaliptis abaz sitwon, ak IR3535 se pwodui ki efikas.
- Itilize moustikè pou pwoteje timoun ki poko gen laj 2 zan yo.

## KOUVRI pòt yo ak fenèt yo avèk griy:

- Pa kite moustik antre lakay ou. Repare griy ki kraze nan fenèt, pòt, galri ak patyo.

Sentòm virus Nil Oksidental ka gen ladan maltèt, lafyèv, fatig, vètij, feblès ak konfizyon. Doktè yo ta dwe kontakte depatman konte kote gen klinik yo si yo sisplèk yon moun ka gen yon maladi moustik simaye. Laboratwa DOH yo bay sèvis tès pou doktè k ap trete pasyan ki gen siy klinik maladi moustik simaye.

DOH ap kontinye fè siveyans toupatou nan eta a pou maladi moustik simaye, tankou enfeksyon virus Nil Oksidental, ansefalit ekin Lès, ansefalit Sen-Lwi, malarya ak deng.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou maladi moustik simaye, konekte sou entènèt nan Sitwèb DOH pou Sante nan Anviwònan nan <http://www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/mosquito-borne-diseases/prevention.html> oswa rele depatman konte kote w ap viv la.

Komisyon Florida pou Konsèvasyon Pwason ak Espas Natirèl toujou mete nouvo enfòmasyon yo nan yon sitwèb pou rapòte lanmò gwo kantite zwazo sovaj ki asosye avèk virus Nil Oksidental. Pou rapòte yon zwazo ki mouri, konekte sou entènèt nan sitwèb <http://myFWC.com/bird>. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante konte kote w ap viv la, oswa konekte sou entènèt nan sitwèb [www.floridahealth.gov](http://www.floridahealth.gov) oswa nan [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org). Liy Enfòmasyon Florida pou ljans se 1-800-342-3557.